

Non Distri an: \_\_\_\_\_

Non Lerkòl lan: \_\_\_\_\_

Prenon Elèv lan: \_\_\_\_\_

Non Fanmi Elèv lan: \_\_\_\_\_

Dat Nesans.: \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

Nimewo ID: \_\_\_\_\_

Katab “Florida Standards Alternate Assessment (FSAA)” an—se yon metòd sistematik pou rasanble, sou aktivite elèv lan, enfòmasyon ki aliye ak kondisyon ki bay Aksè ak yon seri Pwen Espesyal (Access Points Standards). Pou anpil elèv, katab sa a se fason ki pi fè sans pou yo patisipe nan FSAA. Pandan dewoulman aktivite sa a, pwofesè an kab kreye yon anrejistreman nimerik pou yon aktivite nan klas la oubyen yon leson kote yon elèv konplete devwa evalyasyon an. Après a, yo soumèt anrejistreman sa a bay Pwogrè Mezire, moun ki devlope tès lan, pou yo ba li pwen. Yon fwa yo rapòte pwen elèv lan reyalize an, yo detwi anrejistreman nimerik lan, selon règleman leta etabli.

W ap resevwa fòmilè sa a, paske

- Pitit ou an pral patisipe nan Katab—FSAA an (FSAA—Datafolio). Konsantman sa a w siyen an nesèsè pou yo ka itilize anrejistreman nimerik yo kòm yon pati nan evalyasyon an. Konsantman w lan volontè. Ou kab voye yon nòt ekri bay pwofesè pitit ou an nan nenpòt kèl moman pou w anile li.

Mwen li epi mwen konprann sa yo mande m lan. Mwen bay pèmasyon m pou pwofesè pitit mwen an, \_\_\_\_, anrejistre l nimerikman pou aktivite soumisyon evidans ak “FSAA—Datafolio” an.

Non Paran an: \_\_\_\_\_ Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

- Akoz fason yo òganize salklas lan, se kapab pa aksidan yo te mete pitit ou an nan evalyasyon anrejistreman nimerik yon lòt elèv. Si se sa ki rive, li nesèsè pou w siyen yon konsantman pou yo ka soumèt anrejistreman pou yo ba l pwen. Konsantman w lan volontè. Ou kab voye yon nòt ekri bay pwofesè pitit ou an nan nenpòt kèl moman pou w anile li.

Mwen li epi mwen konprann sa yo mande m lan. Mwen bay pèmasyon m pou m pèmèt pou yo itilize yon anrejistreman aksidantèl pitit mwen an \_\_\_\_\_, kòm yon pati nan pwosesis evalyasyon an pou elèv sa yo te gen entansyon fè sa a.

Non Paran an: \_\_\_\_\_ Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

- Yo kab itilize yon video ki gen pitit ou an ladan l pou fòmasyon pwofesè nan administrasyon “FSAA—Datafolio” an. Si yo seleksyone yon video konsa pou fòmasyon pwofesè yo, y ap pran divès mezi pou evite divilge enfòmasyon pèsònèl ke lòt moun kapab idantifye. Se sèlman prenon elèv lan y ap itilize. Y ap anlve lòt enfòmasyon tankou non fanmi elèv lan, lekòl li, distri li, epi vil kote l rete an. Sepandan, yo pa kapab modifiye anrejistreman nimerik yo pou yo efase oubyen kache foto elèv yo, alò konsa, moun ap kapab wè figi pitit ou an. Konsantman w lan volontè. Ou kab voye yon nòt ekri bay pwofesè pitit ou an nan nenpòt kèl moman pou w fè l konnen ke w retire konsantman sa w te bay lan.

Mwen li epi mwen konprann sa yo mande m lan. Mwen bay pèmasyon m pou Depatman Edikasyon Florida a itilize anrejistreman nimerik “FSAA—Datafolio” ki gen pitit mwen, \_\_\_\_\_, ladan li an nan materyèl pou fòmasyon pwofesè yo.

Non Paran an: \_\_\_\_\_ Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_